

SS.7.C.3.13 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap rekonèt deskripsyon debaz Konstitisyon peyi Etazini an ak Eta Florid la (tou de gen atik yo, amannman yo, ak diskou yo).

Aprè Konstitisyon peyi Etazi an te ratifye (ke eta yo te apwouve sa), eta yo te ekri oswa amande pwòp konstitisyon eta yo. Atik IV, Seksyon 4 nan Konstitisyon Etazini an di: "Peyi Etazini dwe garanti chak Eta nan Inyon sa a yon Fòm Gouvènman Repibliken". Paske Konstitisyon peyi Etazini an te sèvi kòm yon gid, anpil konstitisyon eta yo te sanble menm jan ak konstitisyon nasyonal la, ki enkli Konstitisyon Eta Florid la. Konstitisyon peyi Etazini an ak Eta Florid la, tou de gen yon diskou (yon entwodiksyon ki deklare bi ak objektif gouvènman an), atik (seksyon ki dekri pouvwa ak fonksyon gouvènman an), ak amannman yo (chanjman ki te fèt nan konstitisyon an). Pandan ke deskripsyon debaz Konstitisyon peyi Etazini an ak Eta Florid la se menm bagay la, kontni de dokiman sa yo gen gwo diferans.

Anba a se yon konparezon sou gwo resanblans ak diferans ki genyen nan de dokiman yo:

Konstitisyon Etazini an	Konstitisyon Florid la
<ul style="list-style-type: none"> • Kòmanse ak "Nou Pèp la" - montre ke gouvènman federal la jwenn pouvwa li yo nan men sitwayen yo • Pi kout pase Konstitisyon Eta Florid la • Sèt atik • 1 (gwo) paj • Genyen yon Deklarasyon Dwa (lis dwa ki enimerere pou pèp la) • 27 amannman • Ekri kòm yon "dokiman kap viv" yo dwe entèprete li e chanje li aprè yon sèten tan • Genyen yon "Klòz Sipremasi" ki deklare ke Konstitisyon an se lwa ki pi wo nan peyi a 	<ul style="list-style-type: none"> • Kòmanse ak "Nou Pèp la" - montre ke gouvènman eta a jwenn pouvwa li yo nan men sitwayen yo • Pi long pase Konstitisyon peyi Etazini an • 12 atik • 80 paj • Gen Deklarasyon Dwa Florid la (yon lis dwa pèp la enkli anpil nan menm dwa yo ki nan Deklarasyon Dwa peyi Etazini an) • Ekri kòm yon "dokiman kap viv" yo dwe entèprete li e chanje li aprè yon sèten tan. Gen anpil amannman ki fèt nan Konstitisyon Florid la ki trè espesifik. • Abòde edikasyon piblik, veyikil motorize, ak eleksyon • Fè fas ak pwoblèm jou-a-jou ki afekte moun yo ki abite eta a

Deklarasyon Dwa - dis premye amannman yo ki nan Konstitisyon peyi Etazini

Deklarasyon Dwa Florid - pati nan Konstitisyon Florid la ki bay lis dwa debaz yo, ki garanti pou tout sitwayen kap viv nan eta a

Klòz Sipremasi- kloz ki deklare ke Konstitisyon Etazini an se lwa siprèm nan peyi a, e ke lwa nasyonal yo sipwèm sou lwa eta yo, ke yo jwenn nan Atik VI (sis)